दिन–रविवार दिनांक–15.09.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ रांची हवाई अड्डा सँ वीडियो कॉनफ्रेंस द्वारा छओ सय पचास करोड़ टाका सँ बेसीक रेल परियोजना के राष्ट्र के समर्पित कयलनि। प्रधानमंत्री पटना–टाटा नगर, भागलपुर–हावड़ा आओर गया–हावड़ा सहित छओ वंदे भारत रेलगाड़ी के झंडा देखा कऽ रवाना कयलनि। श्री मोदी देवघर सँ गया होयत वाराणसी लेल सेहो वंदे भारत एक्सप्रेस शुरू कयलनि। एहि मौका पर प्रधानमंत्री जनता के संबोधित करैत जनौलनि जे वंदे भारत रेलगाड़ी के चलला सँ झारखंड आओर पड़ोसी राज्य सहित देशक पूर्वी क्षेत्र मे आर्थिक आओर सांस्कृतिक गतिविधि मे गति आओत। श्री मोदी जनौलनि जे ई सभ रेलगाड़ी सँ पर्यटन उद्योग के बढ़ावा भेटत आओर रोजगारक अवसरि सेहो बढ़त। एहि मौका पर प्रधानमंत्री मोदी पीएम आवास योजना– ग्रामीण क्षेत्र मे राज्यक एक लाख सँ बेसी लाभार्थी सभक खाता मे पहिल किस्तक चालीस–चालीस हजार टाकाक राशि देलनि। श्री मोदी जनौलनि जे अगिला पांच वर्ष मे दू करोड़ औरो मकान बनाओल जायत। ओ जनौलनि जे पीएम आवास योजना सँ गाम सभ मे पैघ संख्या मे रोजगारक अवसरि बढ़ि रहल अछि।

---

भागलपुर–हावड़ा वंदे भारत ट्रेनक परिचालन सतरह सितंबर सँ नियमित रूप सँ कयल जायत। ओतहि, गया–हावड़ा वंदे भारत ट्रेनक नियमित परिचालन अठारह सितंबर सँ आओर पटना–टाटा नगर वंदे भारत ट्रेनक परिचालन बाईस सितंबर सँ शुरू होयत। प्रधानमंत्रीक वीडियो कॉन्फ्रेंस सँ वंदे भारत ट्रेनक शुभारंभ कार्यक्रम मे पटना मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो छलाह। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हाक संग–संग दानापुर मंडलक डी.आर.एम जयंत कुमार चौधरी सहित रेलवेक कतेको अधिकारी सभ छलाह।

---

आइ अभियंता दिवस अछि। आजुक दिन भारत रत्न सँ सम्मानित अभियंता एम. विश्वेश्वरैयाक जयंतीक उपलक्ष्य मे मनाओल जायत अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अभियंता दिवसक अवसर पर सभ इंजिनियर के बधाई देलनि अछि। प्रधानमंत्री सोशल मीडिया पोस्ट

पर जनौलनि जे हमर इंजिनियर सभ आइ हरेक क्षेत्र मे आगू बढ़ि रहल छथि आओर नवाचार के बढ़ावा दऽ रहल छथि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राज्यक अभियंता सभ के शुभकामना दैत जनौलनि जे प्रदेश मे आधारभूत संरचनाक निर्माण आओर उन्नत तकनीकक विकास मे अभियंता सभक पैघ योगदान छनि।

---

प्रदेश मे बढैत अपराध के लऽकऽ राजद दिस सँ आइ राजभवन मार्च निकालल गेल जाहि मे पैघ संख्या मे पार्टीक नेता आओर कार्यकर्त्ता सभ भाग लेलनि। पुलिस इनकम टैक्स चौराहा पर राजदक मार्च के रोकि देलक। एहि मौका पर पार्टी नेतासभ राज्य मे कानून व्यवस्था के चरमरा गेला पर नीतीश सरकारक आलोचना कयलनि।

---

राष्ट्रीय पोषण मास मे पटना आओर सीतामढ़ी मे पोषण जागरूकता अभियान चलाओल गेल। एहि मौका पर पटनाक कतेको आगंनबाड़ी केन्द्र पर शिक्षा चौपाल लगाओल गेल। शिक्षा चौपाल मे बच्चा आओर बच्ची सभ के समान शिक्षा आओर समान रूप सँ पालन–पोषण लेल जगरूक कयल गेल। ओतहि, सीतामढ़ी मे कयल गेल पोषण मेला मे विभिन्न विभाग दिस सँ लोक सभ के पोषण सँ जुड़ल जनतब देल गेल।

---

दूरदर्शन आइ अपन पैंसठम वर्षगाठ मना रहल अछि। देश मे टेलीविजन प्रसारण पंद्रह सितंबर उनैस सय उनसठि कऽ दूरदर्शन सँ शुरू भेल छल। ओहि कालक राष्ट्रपति डॉक्टर राजेन्द्र प्रसाद एकर पहिल प्रसारणक उद्‌घाटन कयने छलाह। दूरदर्शन आइ भारतक सभ सँ पैघ लोक–प्रसारक अछि। छओ राष्ट्रीय आओर बाईस क्षेत्रीय चैनल सँ दूरदर्शन चौबीस घंटा कार्यक्रमक प्रसारण करैत अछि। दूरदर्शनक एक अंतरराष्ट्रीय चैनल सेहो अछि। दूरदर्शन निःशुल्क डी.टी.एच सेवा सेहो दैत अछि।

---

मधुबनी जिलाक क्षेत्रीय कार्यालय आओर हल्का राजस्व कर्मचारीक कार्यालय दलाल सभक चंगुल मे अछि। भूमि–सुधार विभागक अपर मुख्य सचिव द्वारा जारी चिट्‌ठीक बादो जिलाक लदनिया अंचल कार्यालय आओर हल्का कार्यालय पर दलाल सभक कब्जा बनल अछि। अपर मुख्य सचिव द्वारा पठाओल गेल चिट्‌ठीक अनदेखी अचंलाधिकारी आओर राजस्व कर्मचारी सभ कऽ रहल छथि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे गैर–सरकारी आओर

दलाल सभ के जमीन सँ जुड़ल सरकारी पंजी आओर आनोआन अभिलेख देल जायत अछि आओर ओ सभ जमीन सँ जुड़ल सरकारी दस्तावेज नाम पर टाकाक उगाही कऽ रहल छथि। जाहि सँ आम लोक सभ के बेसी कठिनाईक सोझा करय पड़ि रहल छनि।

———————————————————————————

प्रदेश मे पछिला चौबीस घंटाक बीच दक्षिण—पश्चिम मॉनसूनक गतिविधि सक्रिय रहल। एहि बीच राज्यक रोहतास, औरंगाबाद आओर गया जिला मे झमाझम बारिश भेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार रोहतासक इंद्रपुरी मे सभ सँ बेसी एक सय एकतालीस दशमलव दू मिलीमीटर वारिश भेल। ओतहि, गयाक डुमरिया मे एक सय उनैस औरंगाबादक नवीनगर मे एक सय अठारह दशमलव चारि आओर बेगूसरायक नावकोठी मे एक सय दस मिलीमीटर वारिश भेल अछि। मौसम विभाग अगिला अड़तालीस घंटा मे रोहतास, औरंगाबाद, गया आओर सारण जिला मे किछु ठाम अत्याधिक भारी बारिशक औरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त